



Pou Piblikasyon Imedya: 18/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI OFISYÈL SANT INOVASYON INSPYRE KI KOTE 32 MILYON DOLA, KI MEZIRE 8,361 MÈT KARE (90,000 PYE KARE) NAN ANBA LAVIL SYRACUS

Konstriksyon pi gwo enkibatè biznis nan Eta Nouyòk la te resevwa sipò yon investisman 16.6 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Nò Eta a

Envesti nan lide pwochen jenerasyon an sipòte estrateji konplè reyon an pou revitalize kominote yo ak fè ekonomi an grandi

Foto Sant Inovasyon INSPYRE a disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te selebre jodi a gwo inogirasyon ofisyèl nouvo Sant Inovasyon INSPYRE a pa CenterState CEO nan anba lavil Syracuse. Enstalasyon plizyè etaj la, ke yo te konnen anvan sou non The Tech Garden, se pi gwo enkibatè biznis nan Eta Nouyòk. Pwojè a te gen ladan l yon adisyon de etaj nan bilding ki egziste deja a, renovasyon espas ki egziste deja nan etablisman an, amelyorasyon sistèm mekanik ak sekirite ki sou plas la, yon nouvo teras 464,5 mèt kare (5000 pye kare) sou do kay la ki aksesib pou kliyan yo, yon sal reyinyon 278.7 mèt kare (3,000 pye kare) ak biwo prive pou lokatè pou 35 antrepriz demaraj ki se rezidan adisyonèl, zòn travay an komen, yon espas pou materyèl elaji pou devlopman pwototip ak pwodwi, ak yon nouvo antre. Etablisman elaji a pral sèvi kòm yon ankraj pou City Center Innovation Hub Syracuse la, yon eleman prensipal nan estrateji devlopman ekonomik Syracuse Surge la epi li pral sèvi kòm pòtay ki mennen nan "Innovation Alley" (Koridò Inovasyon) nan Warren Street nan Syracuse.

"Nouvo Sant Inovasyon INSPYRE CenterState CEO a se yon pati enpòtan nan efò nou yo pou fè Nò Nouyòk vin pwochen gwo sant biznis inovan 21è syèk la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk nouvo enstalasyon modèn sa yo, CenterState CEO pral kapab kontinye travay enpòtan li pou elaji ekonomi inovasyon an nan Nouyòk Santral epi etabli biznis ki pwomèt nan epa demaraj yo sou chemen siksè. Administrasyon mwen an angaje l pou l sipòte pwojè ki pwovokw kwasans, ekipe biznis yo, antreprenè yo epi ranfòse ekonomi lokal la."

Benefis pwogram INSPYRE yo gen ladan aksè ak ekspè ak lòt fondatè pou satisfè divès bezwen antreprenè nan Nouyòk Santral atravè yon seri endistri, bay konseye

egzekitif, sipò maketin ak pou ranmase lajan ak evènman ki santre sou endistri a, ansanm ak aksè ak platfòm tankou PitchBook ak opòtinite finansman inik.

INSPYRE ap kontinye rete sant pwogram GENIUS NY la, pi gwo akseleratè biznis nan mond lan pou sistèm san ekipaj ak endistri wobotik. Depi 2017, GENIUS NY envesti prèske 24 milyon dola nan 42 konpayi atravè lemond epi konpayi ki te patisipe yo ranmase plis pase 350 milyon dola nan finansman swivi epi kreye plizyè santèn nouvo djòb nan eta Nouyòk.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral pa Entèrim CenterState CEO, Ben Sio, te deklare, "Antreprenè nan Nouyòk Santral yo merite yon etablisman ki pèmèt yo reyalize rèv yo. Sant Inovasyon INSPYRE a bay plis resous, pwogramasyon ak ekipman pou fè sa. Espas sa a bati sou ane pwogram antreprenarya siksè CenterState CEO a epi li fè l pi aksesib pou tout kominote a. Sant Inovasyon INSPYRE a ap travay ansanm ak lòt òganizasyon nan ekosistèm antreprenarya rejyon an, epi li pral sipòte inovatè tout orijin ak tout etap biznis pandan y ap fòme avni rejyon an. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li bay Sant Inovasyon INSPYRE a ak angajman li anvwè kwasans Nouyòk Santral la."

Empire State Development ap bay jiska 16.6 milyon dola pou pwojè a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò CNY Rising rejyon an (CNY Rising Upstate Revitalization Initiative). Yo estime pri total pwojè a nan 32 milyon dola.

Revitalizasyon kontinyèl anba lavil la se yon pi gwo priyorite Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) Nouyòk Santral la tou, yon patenarya piblik-prive ki fòme ak ekspè lokal yo ak moun ki gen enterè nan biznis, akademi, gouvènman lokal, ak òganizasyon non-gouvènmantal ki ap redefini fason rejyon an envesti nan djòb ak kwasans ekonomik lè li mete an plas yon apwòch kominotè asandan pou jwenn aksè ak resous eta ki disponib yo. Sant Inovasyon INSPYRE a sipòte gwo resous nan anba lavil Syracuse tankou Marriott Syracuse Downtown Hotel ak Convention Center, tout pandan l ap ogmante kapasite enkatè a pou aksepte nouvo kliyan epi ede biznis yo lanse nan kominote a an jeneral.

Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Finalizasyon Sant Inovasyon INSPYRE transfòmasyonèl la vle di CenterState CEO a ka kontinye efò siksè li yo pou kreye yon ekosistèm ki pi pwodiktif pou antreprenè yo, pou ede yo grandi epi devlope lide biznis inovan yo. Eta Nouyòk pran angajman pou renesans kontinyèl k ap pase nan anba lavil Syracuse, epi nouvo espas enkwayab sa a pral sèvi kòm yon pati esansyèl nan efò revitalizasyon sa yo."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Sant Inovasyon INSPYRE a se yon gwo etap enpòtan pou Nouyòk Santral, li ranfòse repitasyon nou kòm yon kominote ki ankouraje kreyativite ak antreprenarya tout pandan l ap kreye nouvo djòb epi ranfòse kwasans ekonomik. Mwen fyè dèske biwo mwen an te jwenn finansman pou ede konplete pwojè sa a, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li bay ekonomi lokal nou an."

Senatè Eta a, Chris Ryan, te deklare, "Sant Inovasyon INSPYRE a plis pase yon senp bilding — se yon enkibatè pou lavni ekonomi Nouyòk Santral la. Lè l sipòte antreprenè yo, devlope nouvo antrepriz yo, epi ankouraje kolaborasyon, investisman sa a pral ranfòse fòs mendèv nou an, kreye nouvo chemen karyè, epi kenbe talan yo isit la nan rejyon nou an. Pwojè tankou sa a asire ke Nouyòk Santral rete konpetitif nan ekonomi inovasyon an epi ke kominote nou yo pataje opòtinite li kreye yo."

Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare, "Ouvèti Sant Inovasyon INSPYRE a kontinye revitalizasyon Sant Vil Syracuse la, li pote enkibatè biznis ak akseleratè dènye kri pou sistèm ayeryen san pilòt nan Sant Vil la, sa ki asire ke antreprenè yo ap gen espas ki disponib pou devlope konpayi demen yo isit la nan Nouyòk Santral."

Manm Asanble Pamela Hunter te deklare, "Sant Inovasyon INSPYRE a reprezante pi bon nan sa nou ka akonpli lè nou investi nan moun, nan lide, ak nan avni rejyon nou an. Lè li elaji opòtinite pou antreprenè yo epi li ankouraje kolaborasyon ant endistri yo, etablisman sa a ranfòse sant vil Syracuse epi li ede asire ke Nouyòk Santral rete yon lidè nan inovasyon ak kwasans ekonomik. Mwen fyè pou m sipòte pwojè sa a ak pwomès li reprezante pou kominote nou an."

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "Antanke ansyen pwopriyetè yon nouvo biznis e Prezidan Devlopman Ekonomik nan Asanble a, mwen konnen dirèkteman kijan li enpòtan pou sipòte inovasyon epi bay antreprenè yo espas yo bezwen pou yo grandi. Ekspansyon sant inovasyon INSPYRE CenterState CEO a pral bati sou travay enpòtan sa a, pou kreye pi gwo akseleratè biznis nan eta a epi mete Nouyòk Santral sou kat jeyografik la. Antrepriz demaraj k ap chèche pi bon kote pou yo lanse biznis yo ap jwenn li isit la menm nan CNY, y ap jwenn aksè ak resous, byen ak ekspètiz dènye kri pou yo ka reve gwo epi reyalize rèv yo."

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a Ryan McMahon, te deklare, "Pwojè sa a se yon faktè ki chanje jwèt la. Sant Inovasyon INSPYRE a sèvi kòm yon rapèl vizib sou momantòm k ap dewoule a, non sèlman nan Nouyòk Santral, men tou nan anba lavil Syracuse menm. Investisman milti-milyon dola sa a pèmèt enkibatè sa a ki deja gen siksè pou l bay plis opòtinite ak yon eksperyans itilizatè ki pi gwo menm pou antreprenè ki ap panse pou pi devan k ap chèche devlope biznis yo nan rejyon an. Mwen vle remèsye Gouvènè a, ansanm ak tout lòt patnè nou yo, paske yo te ede nou ak angajman kontinyèl nou pou revitalize ak amelyore eksperyans anba lavil la pou travayè yo ak rezidan yo."

Majistra Syracuse la, Ben Walsh, te deklare, "Mwen fyè pou m wè Sant Inovasyon INSPYRE a nan anba lavil Syracuse kòm episan kwasans ak opòtinite nan rejyon an. Sant lan, ki se pi gwo enkibatè biznis nan Nouyòk, reprezante yon gwo investisman nan inovasyon ak nan atraksyon ak retansyon talan nan zòn nou an. Enstalasyon 8,361 mètr kare (90,000 pye kare) sa a fè pati estrateji Syracuse Surge nou an pou kwasans enklizif nan Nouvo Ekonomi an epi li pral pèmèt patnè nou yo nan CenterState CEO kontinye pwogram transfòmasyon pou antreprenè ak biznis ki gen divès gwosè, etap,

laj, endistri ak orijin. Mèsi a Eta Nouyòk ak tout patnè nou yo paske yo fè Syracuse tounen yon kote antreprenè yo ka pouse limit Y yo."

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Nouyòk Santral, Randy Wolken, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MACNY, Asosyasyon Pwodiktè a, ak Linda M. LeMura, Prezidan Le Moyne College, te deklare, "Nou ta renmen remèsye Gouvènè Hochul pou efò kontinyèl li pou ede nou reyalize vizyon konsantre nou an pou rejyon an. Sant Inovasyon INSPYRE a ranfòse vizyon sa a lè li sipòte yon ekosistèm inovasyon klas mondyal, ankouraje antreprenarya, estimile devlopman ekonomik epi ede Nouyòkral Sant kontinye monte."

Pou plis enfòmasyon sou Sant Inovasyon INSPYRE a, vizite: <https://inspyrehub.com/>.

Pou plis enfòmasyon sou CenterState CEO a, vizite: <https://centerstateceo.com/>.

Akselere Devlopman Ekonomik nan Sant Nouyòk

Anons jodi a vin konplete pwojè "CNY Rising" lan, ki se estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou kapitalizasyon mache global yo, ki ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi ki enklizif. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development se ajans prensipal devlopman ekonomik Nouyòk, epi li ankouraje kwasans biznis, kreyasyon djòb, ak pi gwo opòtinite ekonomik atravè eta a. Ak biwo nan chak nan 10 rejyon eta a, ESD sipèvize [Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal \(Regional Economic Development Councils\)](#) yo, sipòte ekite wo debi atravè biwo ConnectALL la, epi li ap ogmante mendèv demen an atravè Biwo Devlopman Mendèv Estratejik (Office of Strategic Workforce Development). Ajans lan angaje ak endistri k ap vini ak pwochen jenerasyon tankou enèji pwòp ak fabrikasyon semi-kondiktè k ap grandi nan Eta Nouyòk, opere yon rezo sant asistans pou ede ti biznis yo grandi ak reyisi, epi ankouraje destinasyon touris klas mondyal yo atravè I LOVE NY. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite esd.ny.gov, epi konekte ak ESD sou [LinkedIn](#), [Facebook](#) ak [X](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)